



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Wayang Uwuh Plastik

Wayang Limbah Plastik



Penulis
Kus Sri Antoro

Ilustrator
Adi Chandra





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Wayang Uwuh Plastik

Wayang Limbah Plastik

Penulis : Kus Sri Antoro
Ilustrator : Adi Chandra
Penerjemah : Kus Sri Antoro

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Wayang Uwuh Plastik

Wayang Limbah Plastik

Penulis : Kus Sri Antoro
Ilustrator : Adi Chandra
Penerjemah : Kus Sri Antoro
Penyunting : Nindwihapsari
Penata Letak: Eros Rosita

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-613-9 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Spicy Burger, Calibri
ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Sawijining sore, Salsa, Yona, lan Okta ngepit menyang omahe Satria. Bocah telu arep rembugan nggawe hasta karya. Pitung dina engkas hasta karya iku diklumpukake ing sekolah. Sawise ngliwati kreteg wates dhusun, bocah telu banjur mlebu gang.

Gang iku katon asri, sakiwa tengene dipageri wora-wari (*Hibiscus rosasinensis*). Udakara seket meter, bocah telu banjur mlebu pomahan. Pit padha disendhekake wit kweni (*Mangifera odorata*) kang godhonge ngrembuyung. “Satria...!” bocah telu nyeluk kancane, meh bebarengan.

Satria durung katon, Salsa mbaleni nyeluk “Satria...!” Ibune Satria metu. “Satria wonten, Bu?” pitakone Yona. “Oalah, Salsa, Yona, Okta... Ana, sik ya,” Ibune Satria ngendika. Satria nuli ditimbali ibune.

“Kene! Mlebu kene, ibu daknerusake olah-olah,” Ibune Satria ngendika. “Inggih, Bu, matur nuwun,” Okta mangsuli. Satria metu sinambi ngelapi lambene, sajake bar madhang. Bocah papat nuli lungguh ana ing kursi penjalin ing pendhopo.

Sore itu, Salsa, Yona, dan Okta bersepeda ke rumah Satria. Mereka akan berembuk membuat kerajinan tangan. Tujuh hari lagi kerajinan itu dikumpulkan di sekolah. Setelah melewati jembatan batas dusun, mereka masuk gang.

Gang itu tampak permai, pinggir jalan berpagar wora-wari (*Hibiscus rosasinensis*). Kira-kira lima puluh meter, mereka masuk pekarangan. Sepeda mereka sandarkan pada pohon kweni (*Mangifera odorata*) yang berdaun rimbun. “Satria...” mereka memanggil temannya, hampir bersamaan.

Satria belum tampak, Salsa memanggilnya kembali “Satria...” Ibu Satria keluar. “Satria ada, Bu?” Yona bertanya. “Oalah, Salsa, Yona, Okta... Ada, sebentar,” Ibunya Satria berkata. Satria dipanggil ibunya.

“Masuk sini, ibu akan meneruskan masak,” Ibunya Satria berkata. “Iya, Bu, terima kasih,” Okta menjawab. Satria keluar sambil menyeka bibirnya, sepertinya habis makan. Mereka duduk di kursi rotan di pendapa.

“Kepriye, Sat? Awake dhewe arep nggawe apa?” pitakone Yona. “Ngendikane pak guru apa wae, ta?” Satria mbales nakoni. “Sing baku hasta karya Seni Kabudayan Jawa,” guneme Salsa. Okta banjur kandha menawa klompoke Bangkit arep nggawe keris saka karton. Yona ngimbuhi, klompoke Jati arep nggawe gangsingan.

“Sik, ayo dirembug bareng, kowe wus tau *browsing* durung?” guneme Satria. “Ngapa ndadak *browsing* barang?” pitakone Okta. Satria nerangake mbok-menawa ana kang bisa dadi gagasan. Salsa lan Yona nuli trengginas nguthek-uthek HPne. Dumadakan, ibune Satria nimbali, “Satria, mrene dhisik, Le!”

“Sik ya, aku diundang ibuku,” Satria pamit. Kanca-kancane padha manthuk tanpa nyuwara, driji ndumuki papan HP. Salsa nuli takon menawa nggawe topeng Menak saka kertas kepriye? Okta ora saguh amarga katone riwil.

“Yen wayang bae piye? Aku nemu, blegere kaya Doraemon,” Yona nduduhake HPne. Salsa lan Okta padha namatake. “Kayane gampang, Yon, bakale saka apa?” pitakone Okta. “Plastik tilasan. Wah, malah uga ana *video tutorial*,” Yona ngandhani.

“Bagaimana, Sat? Kita akan membuat apa?” Yona bertanya. “Apa kata pak guru?” Satria balas bertanya. “Pokoknya, kerajinan tangan Seni Kebudayaan Jawa” kata Salsa. Okta berkata kelompok Bangkit akan membuat keris dari karton. Yona berkata kelompok Jati akan membuat gasing.

“Sebentar, mari kita pikir bersama. Kalian sudah *browsing*?” kata Satria. “Mengapa harus *browsing* segala?” Okta bertanya. Satria menjelaskan mungkin saja ada yang bisa dijadikan ide. Salsa dan Yona cekatan mengoperasikan layar HP. Tiba-tiba, ibu Satria memanggil, “Satria, kemari, Nak!”

“Tunggu sebentar, aku dipanggil ibuku,” Satria berpamitan. Teman-temannya mengangguk tanpa bersuara, jari mereka menyentuh layar HP. Salsa lalu bertanya, bagaimana jika membuat topeng *Menak* dari kertas? Okta tidak menyanggupi karena merepotkan.

“Bagaimana jika membuat wayang? Aku menemukan, bentuknya seperti Doraemon,” Yona menunjukkan HPnya. Salsa dan Okta memperhatikan. “Sepertinya mudah, Yon, apa bahannya?” Okta bertanya. “Plastik bekas. Wah, ada video tutorialnya juga!” Yona memberitahu.



Satria teka nggawa tembor, isine wedang bir jawi lan nyamikan. Bir jawi diracik saka jejamon. Ana secang, sere, jae, kapulaga, gula jawa, lan jeruk nipis. Nyamikane, yaiku ampyang, alen-alen, lan sagon.

“Ayo, dimimik dhisik. Ngerti ora, iki jenenge apa?” pitakone Satria. “Mbuh,” semature Salsa, dene Yona lan Okta gedheg-gedheg. “Wedang abang iki jenenge bir jawi,” kandhane Satria.

“Jenenge kok nyalawadi, Sat? Njalari mumet lan mutah ora?” pitakone Okta, cubriya. “Ora ya, iki digawe saka bumbu pawon.” Satria mratelakake sambil gumuyu. Dheweke muwus yen diwenehi peresan jeruk nipis, wedang abang malih dadi kuning.

Bocah telu nuli njajal. “Elok!” aloke Okta. Salsa lan Yona uga gumun. Bocah telu nyruput bir jawi. “Enak!” Yona ngalem.

Satria datang membawa baki, berisi minuman *bir jawi* dan cemilan. *Bir jawi* diracik dari empon-empon dan bumbu dapur. Ada secang, serai, jahe, kapulaga, gula merah, dan jeruk nipis. Cemilan berupa ampyang, alen-alen, dan sagon.

“Ayo, diminum! Apakah kalian tahu nama minuman ini?” Satria bertanya. “Entah!” kata Salsa, sedangkan Yona dan Okta menggeleng. “Minuman merah ini disebut *bir jawi*,” kata Satria.

“Namanya kok mencurigakan, Sat? Bikin pusing dan muntah?” tanya Okta, curiga. “Tidak, ini dibuat dari bumbu dapur,” Satria menjelaskan sambil tertawa. Dia berkata jika minuman merah itu diberi perasan jeruk nipis maka akan berubah menjadi kuning.

Mereka bertiga kemudian mencoba. “Ajaib!” seru Okta. Salsa dan Yona juga heran. Mereka menyeruput *bir jawi*. “Enak!” Yona memuji.

“Kepriye, mumet ora?” pitakone Satria. Kancane padha gedheg, mesem amarga cangkeme isi wedang. “Gandheng kowe kabeh ora apa-apa, saiki giliranku... *Slruph!*” kandhane Satria. “Nakal Satria kiyi!” clathune Salsa sawise ngulu. “Wus, saiki ayo nggagas hasta karya!” Satria miwiti rembugan.

Salsanulicrita, dheweke sakanca nemu *video tutorial* wayang plastik. Yona ngulungake HPne marang Satria lan nduduhi *video*. “Kayane sapala ta, Kanca-kanca?” pitakone Yona. Salsa lan Okta manthuk-manthuk pratandha sarujuk.

“Mengko dhisik, dakdeloke,” guneme Satria sambi namatake *video* sajroning HPne Yona. “Pancen kayane gampang. Apa kowe kabeh bisa nggambar wayang? Aku ora bisa.” Kanca-kancane padha gedheg. Okta ngelingake, hasta karya iku kudu babagan Seni Kabudayan Jawa.

“Yen saumpama awake dhewe ora perlu nggambar, piye?” pitakone Satria. “Apa wangun wayange polos, Sat?” Yona sajak maido. Satria ngandharake wayange ora digambar, nanging diraketi gambar templek rupa wayang. “Wasis kowe, Sat! Ngerti padha ora bisa nggambar. Kowe sarujuk, Ta, Yon?” Okta lan Yona ditakoni Salsa, saloron padha mupakat.

“Bagaimana, pusingkah?” Satria bertanya. Teman-temannya menggeleng, tersenyum karena mulutnya penuh minuman. “Karena kalian baik-baik saja, sekarang giliranku... *Slruph!*” kata Satria. “Satria nakal!” ujar Salsa setelah menelan. “Sudah, sekarang kita merancang kerajinan tangan.” Satria mengawali diskusi.

Salsa bercerita, mereka bertiga menemukan *video tutorial* wayang plastik. Yona memperlihatkan *video* di HPnya pada Satria. “Sepertinya mudah kan, Teman-teman?” tanya Yona. Salsa dan Okta mengangguk tanda setuju.

“Sebentar, aku lihat,” ujar Satria sambil melihat *video* dalam HP Yona. “Memang tampaknya mudah. Apakah kalian bisa menggambar wayang? Aku tidak bisa.” Teman-teman Satria menggeleng. Okta mengingatkan, kerajinan itu harus bertema Seni Kebudayaan Jawa.

“Seandainya kita tidak usah menggambar, bagaimana?” tanya Satria. “Apa pantas wayang itu polos, Sat?” Yona menyanggah. Satria menjelaskan wayang itu tidak digambar, tetapi ditemeli stiker gambar wayang. “Pintar kamu, Sat! Tahu kalau kita tidak bisa menggambar. Kalian setuju, Ta, Yon?” Okta dan Yona ditanya oleh Salsa, dan mereka sepakat.

Saka *internet*, Yona menehi kawruh babagan wayang. Ana wanda, yaiku blegere wayang miturut kahanane, Janaka wae ana 30 wanda. Ana kang diarani nyorek, yaiku nggambar wandane wayang. Ana kang diarani mbedhah, yaiku nyalin corekan ana kulit utawa bakal liyane. Racake, wanda disalin saka babonan.

Sawise mbedhah wanda, laku sabanjure, yaiku tatah lan sungging. Tatah, yaiku laku ngukir wanda kanthi tatah lan gandhen. Sungging, yaiku mulas wanda kanthi aneka rupa warna, saengga wayang katon endah. Sawise wayang diukir lan disungging, wayang banjur dipasangi gapit lan tuding. Gapit lan tuding paling apik saka lulang sungu kebo.

Salsa banjur miwiti rembug, sapa kang nyawisake bakal, piranti, lan nyithak gambar. Kapan lan ana ngendi arep tandang gawe. Satria duwe usul olehe nggawe wayang ana omahe sesuk sore. Kabeh padha sarujuk.

Bocah papat nuli rembugan babagan bakal lan piranti. Yona nyaguhi nggawa bakal arupa gendul plastik tilas wadhah omben *mineral*. Okta nyaguhi nggawa pring kang wus dikethoki kanggo garan lan tuding wayang. Salsa kang nyawisake piranti arupa gunting, tang, cet, kuwas, lan kawat.

Yona berbagi pengetahuan tentang wayang dari internet. Ada *wanda*, yaitu wujud badan wayang menurut keadaannya, Janaka punya 30 *wanda*. Ada yang disebut *nyorek*, yaitu menggambar wujud wayang. Ada yang disebut *mbedhah*, yaitu memindah gambar pada kulit atau bahan lain. Umumnya, gambar disalin dari contoh induk (cetak biru atau master).

Setelah gambar dipindah pada bahan, proses selanjutnya, ialah *tatah* dan *sungging*. Tatah ialah proses mengukir *wanda* dengan tatah dan palu kayu. *Sungging* ialah mewarnai *wanda* dengan beraneka warna sehingga wayang terlihat indah. Setelah wayang diukir dan diwarnai, wayang dipasangi tangkai tubuh dan tangkai tangan. Tangkai terbaik dibuat dari tanduk kerbau.

Salsa memulai berembuk, siapa yang menyiapkan bahan, peralatan dan mencetak gambar. Kapan dan di mana mereka akan bekerja. Satria mengusulkan di rumahnya besok sore. Semua setuju.

Mereka mendiskusikan bahan dan peralatan. Yona akan membawa bahan berupa botol plastik bekas air minum mineral. Okta akan membawa potongan bambu untuk tangkai badan dan tangkai tangan. Salsa akan menyiapkan gunting, tang, cat, kuas, dan kawat.



Sawise rampung rembugan, bocah-bocah iku banjur mangan lan ngombe. Kabeh gegojekan kanthi bungah. Ora krasa wektu wus dungkap surup. Salsa, Yona lan Okta nuli pamit marang Satria lan ibune. Sore pendhake, bocah-bocah iku ngumpul maneh.

“Iki bahan lan pirantine wus cumawis, njur piye, Sat?” Salsa takon Satria. “Nah, iki gambar templek wayange dikethoki pinggirane sik,” wangsulane Satria. Gambar templek wayang kang dicithak Satria ana papat, yaiku Punakawan. Ana Semar, Gareng, Petruk lan Bagong, pas kanggo bocah papat.

“Sapa sing iso nggunting kanthi telaten? Garapanku kerep menceng” Satria njaluk tulung. “Kene dakgungtinge. Tulung iki plastike diampelas luwih dhisik, Yon,” Okta nyaguh. Yona nyemauri Okta, “Ya, Ta. Plastike, Sa, tulung gawa mreng, dakamplase.” Salsa ngulungake plastik, “Wadhuh! Iki jebul pring durung alus, wediku mbeleri, Ta.” Okta nuli njaluk tulung Satria nyeseti pring, “Tulung, ya. Bisa ta, Sat?”

“Bisa, Ta. Kene. Mengko sisan dakamplase,” kandhane Satria. Salsa muwus, “Pring sing wus dadi dakamplase, Sat, kareng gelis.” Bocah papat gugur gunung nyawisake bahan lan piranti wayang plastik. “Rahma, Ndhuk?” keprungu ibune Satria nyeluk mbakyune Satria kang jenenge Rahma.

Rembukan usai, mereka kemudian makan dan minum. Semua bercanda riang. Tanpa terasa waktu menjelang petang. Salsa, Yona, dan Okta berpamitan pada Satria dan ibunya. Sore hari berikutnya mereka kembali berkumpul.

“Bahan dan alat sudah tersedia, lalu bagaimana, Sat?” Salsa bertanya kepada Satria. “Nah, ini stiker gambar wayang dipotong-potong tepinya!” jawab Satria. Stiker wayang yang dicetak Satria ada empat, yaitu Punakawan. Ada Semar, Gareng, Petruk, dan Bagong, cukup untuk mereka berempat.

“Siapa dapat menggunting dengan cermat? Hasil guntinganku sering meleset,” Satria minta tolong. “Sini, aku kerjakan! Tolong, plastik ini digosok ampelas terlebih dahulu, Yon!” Okta menyaguh permintaan Satria. Yona menjawab Okta, “Ya, Ta. Kemarikan plastik itu, Sa! Biar aku ampelas.” Salsa memberikan plastik, “Aduh, ternyata potongan bambu ini belum halus, bisa melukai, Ta!” Okta kemudian meminta Satria menghaluskan bambu, “Tolong! Kamu bisa kan, Sat?”

“Bisa, kemarikan, Ta, kuampelas sekalian!” kata Satria. Salsa berkata, “Bambu yang sudah siap aku ampelas saja, biar cepat.” Mereka gotong royong menyiapkan bahan dan peralatan wayang plastik. “Rahma..., Nak?” terdengar ibu Satria memanggil kakak Satria yang bernama Rahma.

Ora let suwe, Rahma metu nggawa tembor isi wedang lan camikan. Ana legamara, geblek, lan geplak. Legamara iku panganan mligine saka Kotagedhe, Ngayogyakarta. Dene, geblek saka Kabupaten Kulonprogo lan geplak saka Kabupaten Bantul. “Weh, *kerja bakti*, Sat?” pitakone Rahma marang adhine.

“Ora. *Kerja rodi!*” wangsulane Satria, kanca-kancane padha cekikikan. Rahma nyawisake wedang lan camikan. “Ayo, padha dimaem lan dimimik. Ora usah ngenteni Satria tuwa.” Rahma nawani kanca-kancane Satria kanthi mbeda adhine. Satria njegadul digodha mbakyune.

“Nggih, Mbak, matur nuwun,” wangsulane Salsa, Okta, lan Yona bebarengan. “Mbakmu kelas pirae, Sat?” Yona nakoni. “Kelas 10” wangsulane Satria. “Ayu, ya? Ora kaya Satria,” Okta nyemaure, kairing gumuyune Salsa lan Yona. “Mbuh! Sakarepmu, Ta,” Satria nyaut cekak, njero batine kandha, “Memper, wong lanang!”

“Bir jawi maneh, Sat? Kok ora ana jeruke?” Yona takon sinambi nyruput. “Dudu, iki jenenge wedang uwuh, Yon.” Njenggirat, Yona muwus, “Blaik! Jer-jeran uwuh ta? Wus kebacut kolu je.” Satria ngandharake, “Iku mung aran, Yon. Wedang uwuh dudu uwuh dijjer banyu.” Salsa nuli takon, “Satria, wedang uwuh iku asale saka apa?”

Tak lama kemudian, Rahma keluar membawa baki berisi minuman dan makanan. Ada *legamara*, *geblek*, dan *geplak*. *Legamara* makanan khas Kotagede Yogyakarta. Sedangkan, *geblek* dari Kabupaten Kulonprogo dan *geplak* dari Kabupaten Bantul. “Wah, kerja bakti, Sat?” Rahma bertanya kepada adiknya.

“Bukan. Kerja rodi!” Jawab Satria, teman-temannya tertawa. Rahma menghidangkan minuman dan makanan. “Ayo, dimakan dan diminum. Tidak perlu menunggu Satria tua.” Rahma mempersilakan dengan menggoda adiknya. Satria cemberut digoda kakaknya.

“Iya, Kak, terima kasih,” jawab Salsa, Okta, dan Yona bersamaan. “Kakakmu kelas berapa, Sat?” Yona bertanya. “Kelas 10,” jawab Satria. “Cantik, ya? Tidak seperti Satria” Okta menimpali, diiringi tawa Salsa dan Okta. “Terserah kamu, Ta” Satria menyahut, dalam hatinya ia berkata, “Tentu saja, aku kan laki-laki!”

“Ini *bir jawi* lagi, Sat? Kenapa tidak ada jeruknya?” Yona bertanya sambil minum sedikit. “Bukan, ini namanya *wedang uwuh*, Yon.” Yona terperanjat dan berujar, “Celaka! Ini rendaman sampah (*uwuh*)? Terlanjur tertelan.” Satria menjelaskan, “Itu hanya nama, Yon. *Wedang uwuh* bukan rendaman sampah.” Salsa kemudian bertanya, “Satria, *wedang uwuh* ini terbuat dari apa?”

“Meh padha karo bir jawi, jaene rada akeh, tanpa jeruk nipis.” Satria njlentrehake racikan omben wedang uwuh. “Kok lambe gelase asin, Sat?” pitakone Okta. “Pancen asin, wong lambe gelase diklomoti uyah alus,” wangsulane Satria.

“Ngapa kok ndadak diklomoti uyah, Sat?” pitakone Okta. “Yen dipasang dhuwit mengko mbok jupuk, Ta, mula diklomoti uyah,” guneme Satria kairing gumuyune Salsa lan Yona. “Njelehi je Satria ki, mbales,” grenenge Okta, lambene mecucu.

“Werna abang iki saka apa, Sat?” pitakone Salsa. “Oh, iku saka secang,” wangsulane Satria. “Ngendikane simbahku, kayu secang ki kanggo tuding wayang, amarga abot,” guneme Okta. “Kok malah abot, pamrihe apa, Ta?” pitakone Satria. “Jarene nggampangake dhalang nalika sabetan,” Okta njlentrehake, bocah-bocah liyane manthuk-manthuk.

Sawise padha guneman, dumadakan Okta muwus, “Iki wus dadi blegere wayang, Sat.” Satria mangsuli, “Ya, Ta. Plastike wus rampung diampelas, Yon?”, Yona mangsuli lan ganti takon, “Wus. Pringmu piye, Sat?” Satria mangsuli Yona, “Kari sepasang. Gaweyanmu wus rampung, Sa?” Salsa mangsuli pitakone Satria, “Wus. Kari ngenteni garapanmu, Sat.”

“Seperti *bir jawi*, tapi jahenya agak banyak, tanpa jeruk nipis.” Satria menjelaskan resep *wedang uwuh*. “Kenapa bibir gelas ini asin, Sat?” tanya Okta. “Memang asin, karena dilumuri garam halus,” jawab Satria.

“Kenapa mesti dilumuri garam, Sat?” tanya Okta. “Kalau dipasang uang nanti kamu ambil, Ta, maka dilumuri garam,” ujar Satria, teriring tawa Salsa dan Yona. “Satria menyebalkan, membalasku ya,” gerutu Okta, bibirnya cemberut.

“Warna merah ini dari apa, Sat?” Salsa bertanya. “Itu dari secang,” jawab Satria. “Kata kakeku, kayu secang bagus untuk *tuding* wayang karena berat,” ujar Okta. “Kenapa harus berat, Ta?” Satria bertanya. “Katanya, bisa memudahkan dalang untuk memainkannya,” Okta menjelaskan, anak-anak yang lain mengangguk-angguk.

Seusai percakapan, mendadak Okta bicara, “Pola wayang sudah jadi, Sat.” Satria menjawab, “Ya, Ta. Apakah plastiknya sudah diampelas, Yon?” Yona menjawab, “Sudah. Bagaimana bambunya, Sat?” Satria menjawab, “Tinggal sepasang. Apakah pekerjaanmu sudah selesai, Sa?” Salsa menjawab Satria, “Sudah, tinggal menunggu sisa pekerjaanmu, Sat.”



“Miturut *video* wingi, gambar ing kertas didelehake ngisor plastik, banjur diblak.” Yona ngelingake carane mbedhah. “Iya, yen wus dadi, plastike dikethok miturut blegere wayang,” Salsa muwus. “Yen ngono, awak dhewe nyicil mbedhah dhisik. Piye, Sa, Ta?” panjaluke Yona. “Ya, kareben gelis, Yon,” semaure Okta.

Dumadakan, Satria ngelingake, “Aja lali, nggon tangan dipisah, mengko disambung ing awak lan sikute.” Salsa mesthekake karepe Satria, “Tegese, olehe ngeblak tangan rada didawakake kanggo sambungan?” Satria kandha, “Bener. Yen wus, kethokane nembe ditempleki gambar templek”. Salsa, Okta, lan Yona nyauri bareng kanthi cekikikan, “Sendika, Den Bagus....”

Udakara limalasan menit anggone padha nyambut gawe, kethokan wanda iku wus dadi. Yona nuli ngletheki gambar templek lan nemplekake ana ing plastik. Sirah, awak, lan sikil satemplekan. Dene lengen lan tangan rong templekan. Siji mbaka siji wanda Punokawan ditempleki kanthi ngati-ati lan telaten. Gandheng plastik wus kasab amarga diampelas, gambar templek gampang kelet.

Okta ngeceti garan lan tuding siji mbaka siji. Sawise cet garing, Satria nuli nyoblosi lengen, sikut, lan epek-epek wayang. Tuding sisih ndhuwur uga dicoblos nganggo paku cilik sabolongan kawat. Salsa nyambung lengen, sikut, lan epek-epek mau nganggo kawat. Pungkasane, wayang plastik kang digarap Salsa, Satria, Yona, lan Okta dadi.

“Menurut *video*, gambar pada kertas ditaruh di bawah plastik, lalu dijiplak.” Yona mengingatkan cara *mbedhah*. “Iya, jika sudah jadi plastik dipotong menurut pola wayang,” Salsa berujar. “Jika demikian, kita menyelesaikan *mbedhah* dahulu. Bagaimana, Sa, Ta?” Yona meminta pendapat. “Ya, agar cepat selesai, Yon” sahut Okta.

Tiba-tiba, Satria mengingatkan, “Jangan lupa, tangan dipisah, nanti disambung pada bagian badan dan sikunya.” Salsa memastikan maksud Satria, “Berarti, jiplakan tangan agak lebih panjang untuk sambungan?” Satria berujar, “Betul. Jika sudah dijiplak, potongannya ditempel dengan stiker.” Salsa, Okta, dan Yona menyahut bersama sambil tertawa kecil, “Siap dilaksanakan, *Den Bagus....*”

Kira-kira lima belas menit mereka bekerja, potongan *wanda* sudah jadi. Yona kemudian mengelupasi stiker dan menempelkannya pada plastik. Kepala, badan, dan kaki satu tempelan, sedangkan lengan dan tangan dua tempelan. Satu demi satu *wanda* Punokawan ditempelkan dengan hati-hati dan cermat. Karena permukaan plastik sudah kasar akibat diampelas, stiker menjadi mudah melekat.

Okta mengecat tangkai badan dan tangkai tangan satu per satu. Setelah cat kering, Satria melubangi lengan, siku, dan telapak tangan wayang. Tangkai tangan sisi atas juga dilubangi dengan paku kecil seukuran kawat. Salsa menyambung lengan, siku, dan telapak tangan dengan kawat. Akhirnya, wayang plastik yang dikerjakan Salsa, Satria, Yona, dan Okta usai.

Wayang Warisan



Ora krasa ganti dina, wus tekan titi wancine hasta karya iku diklumpukake. Ana ing kelas, Pak Mijan, guru seni, ngendika. “Para siswa, hasta karya Seni Kabudayan Jawa wus sumadya?” Para siswa mangsuli, “Sampun, Pak Guru....”

“Sapa sing arep crita kepriye anggone nggawe? Klompoke Jati?” Pak Mijan ndangu. Jati gedheg, tandha durung siyaga. “Klompoke Bangkit?” Pak Mijan nari. Bangkit mangsuli, “Mangkah mawon, Pak.” Pak Mijan ngendika, “Klompoke Salsa? Gelem miwiti?”

Rumangsa didhawuhi, Salsa nyikut Yona, pitakone lirih, “Piye, Yon?” Yona mangsuli lirih, “Saiki bae kareben kari nonton liyane.” Salsa banjur noleh mburi lan manthuk marang Okta lan Satria. Kekarone uga padha manthuk, pratandha sarujuk. “Inggih, Pak,” wangsulane Salsa, bocah papat maju, ing ngarepe kanca-kancane sakelas.

Pak Mijan paring dhawuh marang klompoke Salsa. “Saiki critakna marang kanca-kancamu, ngapa lan kepriye anggonmu nggawe.”

Tak terasa hari berganti, tibalah saat tugas kerajinan tangan itu dikumpulkan. Di dalam kelas, Pak Mijan, guru kesenian berbicara, “Anak-anak, kerajinan tangan Seni Kebudayaan Jawa apakah sudah disiapkan?” Semua siswa menjawab, “Sudah Pak Guru....”

“Siapa yang akan bercerita proses pembuatannya? Kelompok Jati?” Pak Mijan bertanya. Jati menggeleng, tanda belum siap. “Bagaimana dengan kelompok Bangkit?” Pak Mijan memberi kesempatan. Bangkit menjawab, “Nanti saja, Pak.” Kemudian Pak Mijan berkata, “Kelompok Salsa? Bersedia mengawali?”

Merasa mendapat mandat, Salsa menyikut Yona, bertanya pelan, “Bagaimana, Yon?” Yona menjawab pelan, “Sekarang saja, nanti kita tinggal menyaksikan yang lain.” Salsa lalu menoleh ke belakang dan mengangguk pada Okta dan Satria. Keduanya juga mengangguk, tanda setuju. “Iya, Pak” jawab Salsa, keempat anak maju di hadapan teman-teman sekelas.

Pak Mijan mempersilakan kelompok Salsa. “Sekarang, ceritakan pada teman-temanmu, mengapa dan bagaimana kalian membuat tugas ini!”



Salsa miwiti crita. “Para kanca kabeh, sejatine aku saklompok maune bingung arep nggawe apa.” Salsa kandha, panemune kanca-kancane kang elok-elok marai klompoke mindher. Klompoke Bangkit arep nggawe keris-kerisan. Klompoke Jati arep nggawe gangsingan.

Salsa nuli mbisiki Yona supaya mbacutake crita. “Banjur aku golek ing *Youtube*, nemu *video* wayang, ndilalah wayang plastik.” Yona uga crita *video* iku komplit carane nggawe. “Aku sakanca banjur niat nggawe wayang saka plastik.” Yona nuli mbisiki Satria, “Giliranmu, Sat.”

Satria kandha, “Nanging, jebul kabeh ora ana sing bisa nyorek.” Banjur Satria crita menawa dheweke usul yen gambar wayange njupuk saka *internet*. Gambar mau dicithak dadi gambar templek. Dadi, wayange wus kasungging nadyan ora tatahan. Semar, Gareng, Petruk, lan Bagong dipilih amarga jarene isih longgar ing pakem.

“Wah, sugih akal ya, ora bisa nanging ora kentekan cara,” Pak Mijan ngalembana. “Banjur kepriye anggone nggawe? Sapa arep crita?” Pak Mijan ndangu klompoke Salsa. Satria nyenggol Okta lan kandha lirih, “Ayo, jatahmu crita, Ta.”

Salsa mulai bercerita. “Teman-teman, sebenarnya kelompokku semula bingung hendak membuat apa.” Salsa berkata bahwa ide teman-teman yang hebat-hebat sempat membuat kelompoknya minder. Kelompok Bangkit akan membuat keris-kerisan. Kelompok Jati akan membuat gasing.

Salsa kemudian berbisik pada Yona agar meneruskan cerita. “Kemudian, aku mencari di *Youtube*, menemukan video wayang, kebetulan wayang plastik.” Yona juga bercerita video itu dilengkapi dengan cara pembuatannya. “Aku dan teman-teman berniat membuat wayang dari plastik.” Yona kemudian berbisik pada Satria, “Giliranmu, Sat.”

Satria berkata, “Tetapi, kami semua tidak ada yang bisa *nyorek*.” Kemudian, Satria bercerita bahwa dirinya mengusulkan gambar wayang mereka diunduh dari internet. Gambar tersebut dicetak menjadi stiker. Jadi, wayang sudah berwarna meskipun tidak berukir. Semar, Gareng, Petruk, dan Bagong dipilih karena tidak terikat aturan yang ketat.

“Wah, kreatif, merasa tidak mampu, tetapi tidak kehilangan akal” Pak Mijan memuji. “Kemudian, bagaimana cara membuat? Siapa akan bercerita?” Pak Mijan bertanya pada kelompok Salsa. Satria menyenggol Okta dan berkata pelan, “Ayo, giliranmu bercerita, Ta.”

“Pisan, dicawisake bakal lan pirantine,” celathune Okta. “Bakale yaiku gendul plastik tilas banyu *mineral*, pring, lan cet,” Okta nyebutake. “Dene pirantine, yaiku kawat, tang, gunting, lan gambar templeke,” Okta njlentrehake. Okta crita urut kaya nalika nandangi hasta karya iku bebarengan. Sarampunge crita, Pak Mijan lan kanca sakelas keplok, klompoke Salsa didhawuhi lungguh.

“Para siswa, klompoke Salsa dadi tuladha anggone gotong royong lan mrantasi alangan.” Pak Mijan ngalembana klompoke Salsa. “Miturut Bapak, wayang plastik iki duwe kaluwihan, sapa sing ngerti?” Bangkit mangsuli, “Mboten risak kening toya, Pak, alias *anti air!*” Bocah-bocah padha ngguyu krungu wangsulane Bangkit.

“Ya, iku salah sijine. Nanging, ana kang luwih baku saka iku, apa?” Pak Mijan nggulawenthah para siswa supaya mikir. Para siswa padha pandeng-pandangan. “Urung ana sing ngerti? Ya wis, bakale saka apa?” Pak Mijan ndangu. “Gendul plastik tilas wadah, Pak,” sorake para siswa.

“Plastik tilas iku arane apa, para Siswa?” Jati nyemauri, “Uwuh, Pak.” Sri melu nyaut, “*Limbah*, Pak.” Pak Mijan ngalembana, “Pinter! Apa bedane uwuh plastik lan tilas urip-uripan?” Pak Mijan nuwuhake gregeting sinau para siswa.

“Pertama, kami menyiapkan bahan dan alat,” kata Okta. “Bahan-bahannya ialah botol plastik bekas air mineral, bambu, dan cat.” Okta menyebutkan satu-persatu. “Sedangkan alatnya, yaitu kawat, tang, gunting, dan stiker gambar wayang,” Okta menjelaskan. Okta bercerita urut sebagaimana ketika mengerjakan kerajinan tangan itu bersama. Seusai ia cerita, Pak Mijan dan teman sekelas bertepuk tangan. Kelompok Salsa dipersilakan duduk kembali.

“Anak-anak, kelompok Salsa menjadi contoh bagaimana bekerja sama dan mengatasi kendala.” Pak Mijan memuji kelompok Salsa. “Menurut Bapak, wayang plastik ini mempunyai kelebihan, siapa yang tahu?” Bangkit menjawab, “Tidak rusak terkena air, Pak, alias *anti air!*” Anak-anak tertawa mendengar jawabannya.

“Ya, itu salah satunya. Tetapi, ada yang lebih penting dari itu. Siapa yang tahu?” Pak Mijan mendidik para siswa agar berpikir. Para siswa saling berpandangan. “Kalian belum ada yang tahu? Baiklah, bahannya apa?” Pak Mijan bertanya. “Botol plastik bekas wadah, Pak,” sorak para siswa.

“Plastik bekas itu apa namanya, Anak-anak?” Jati menyahut, “Sampah, Pak.” Sri turut menyahut, “Limbah, Pak.” Pak Mijan memuji, “Pinter! Apa perbedaan sampah plastik dan bekas makhluk hidup?” Pak Mijan menumbuhkan semangat belajar para siswa.



“Menawi dipun pendhem, plastik mboten saged ajur, Pak,” guneme Bangkit.

“Iya, butuh wektu ewunan taun supaya plastik dadi lemah,” ngendikane Pak Mijan. “Saumpama dipendhem utawa kintir ing kali, lebu plastik kang arane *mikroplastik* mbebayani.” Pak Mijan paring kawruh babagan lestarining alam.

“*Mikroplastik* bisa njalari matine kabeh urip-uripan, klebu manungsa,” pangandikane Pak Mijan.

“Kok saged, Pak?” notol kepengin ngerti, Salsa nuli takon.

“Jika dikubur, plastik tidak bisa hancur, Pak,” kata Bangkit.

“Iya, butuh ribuan tahun agar plastik terurai menjadi tanah,” ujar Pak Mijan. “Seandainya dikubur atau hanyut di sungai, debu plastik yang disebut mikroplastik berbahaya.” Pak Mijan memberi pengetahuan tentang lingkungan hidup.

“Mikroplastik bisa menyebabkan kematian makhluk hidup, termasuk manusia” kata Pak Mijan.

“Kenapa, Pak?” Salsa penasaran ingin tahu.

“*Mikroplastik* njalari kanker yen katut banyu kang kaombe, para Siswa.”

“Menawi plastik kamangsa ulam ing jaladri, pripun, Pak?” pitakone Satria.

“Nah, kewan kang mangsa plastik uga bisa mati.” Pak Mijan paring tuladha ana iwak kang mati amarga mangan plastik. “Menawa kewan mau dipangan kewan liyane utawa manungsa, akibate padha.” Jati banjur takon, “Menawi dipun obong kemawon pripun, Pak?”

“Ngobong plastik malah ngregeti hawa, dadi racun.” Andharane Pak Mijan keprungu nggegirisi, ananging nyata.

“Mikroplastik menyebabkan kanker jika ikut terminum, Anak-anak.”

“Jika plastik termakan ikan di laut, bagaimana, Pak?” tanya Satria.

“Nah, binatang yang memakan plastik juga dapat mati.” Pak Mijan memberi contoh ada ikan mati karena memakan plastik. “Apabila binatang tersebut dimakan hewan lain atau manusia, akibatnya sama.” Jati kemudian bertanya, “Jika dibakar saja bagaimana, Pak?”

“Plastik dibakar justru mencemari udara, menjadi racun.” Penjelasan dari Pak Mijan terdengar mengerikan, tetapi nyata.



“Mula, wayang uwuh plastik iki ora mung mujudake lestarine budaya Jawa,” para siswa nggenteni pangandikane Pak Mijan sabanjure. “Nanging uga, hasta karya iki melu andil nyuda uwuh kang mbebayani. Apik!”

Para siswa padha kepok, ngucapake mangayu bagya marang klompoke Salsa.

“Ayo, sapa maneh sing arep crita babagan hasta karyane?” Pak Mijan ndangu.

Salsa saklompok sumringah, ora nyana pawitan bingung malah ngripta karya kang migunani. Jebul, *Memayu Hayuning Bawana* iku bisa kalaksanan kanthi Seni Kabudayan Jawa. Tuladhane, ya wayang uwuh plastik iku.

“Maka, wayang plastik ini tak hanya mewujudkan kelestarian budaya Jawa,” para siswa menanti ujaran Pak Mijan berikutnya. “Tetapi juga, kerajinan tangan ini ikut serta mengurangi limbah yang membahayakan. Ini bagus!”

Para siswa bertepuk tangan mengucapkan selamat kepada kelompok Salsa.

Salsa dan kelompoknya senang, tak disangka berawal dari kebingungan tercipta karya berguna. Ternyata, *Memayu Hayuning Bawana* bisa terlaksana dengan Seni Kebudayaan Jawa. Contohnya, wayang limbah plastik itu.

Keterangan:

Memayu Hayuning Bawana: secara harfiah *Memayu* berarti mempercantik, *Hayuning* berarti keindahan, *Bawana* berarti semesta. *Memayu Hayuning Bawana* adalah pepatah Jawa yang bermakna manusia hidup di dunia harus mengupayakan keselamatan, kebahagiaan, dan kesejahteraan.

Biodata



Penulis

Kus Sri Antoro, lahir 15 Okt 1979 di Gunungkidul, aktivitas bertani dan bergiat di seni rupa, lingkungan hidup dan pendampingan disabilitas.



Ilustrator

Adi Chandra, lahir di Indramayu. Saya menyelesaikan pendidikan S1 di Universitas Indraprasta PGRI Jakarta. Karir sebagai ilustrator dimulai saat saya masuk kuliah. Hingga sekarang saya fokus sebagai *digital coloring* dan *background artist* di beberapa film animasi Indonesia, maupun Jepang. Saya bisa dihubungi melalui posel adichand29@gmail.com atau bisa disapa di Intagram [@adi_chand](https://www.instagram.com/adi_chand).



Penyunting

Nindwihapsari, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com.

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Salsa, Yona, dan Okta pergi ke rumah Satria. Setelah menempuh jalan, gang, dan perkampungan, mereka pun tiba. Di rumah Satria, mereka melakukan musyawarah mengenai tugas sekolah. Mereka menyusun kebutuhan untuk membuat kerajinan wayang sampah plastik. Hari berikutnya, mereka mulai mengerjakan tugas. Bagaimana usaha dan hasil yang diperoleh dalam membuat wayang? Yuk, simak kelanjutan ceritanya dalam kisah “Wayang Uwuh Plastik”.

ISBN 978-623-112-613-9 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**